

### «1алам»

*Сахуьлуш, сатосуш, набарах самадолуш 1алам,*
*Тхи дужу бацала, до1анца доьхуш: «Бейша сан т1алам!» (2019год)*



### «Зезаг»

Ц1еначу ойланех дуьззина хуьлийла дог,
Безамо мел хьаьстина зезаг, зезаг т1е мел кховдийна куьг

(2019 год)

### «Можа г1а»

Гуьйренан мохо бен узам Йа- Синан мукъамах тарлуш,
Можа г1а дегадо садалар ийманехь доьхуш (2019год)





Суьйренга де кхача доьлча,
Маьрк1ажан бода ган боьлча,
Т1е йог1у бос 1аьржа буьйса,
Хоуьйтуш ша йуйла буьрса.

Сахила хан герга йахча,
Малхо шен з1аьнарш кховдийча,
1уьйрено бода а хьоьстуш
Толайо шен Делера амалш.

Иштта д1аоьху денош,
Деладеш, делхадеш дегнаш,
Адамаш 1енадеш дешнаш,
Замано х1иттадеш таьптарш

18 октября 2020г  (HadiBisu)



«Тийналла»

Iаламан тийналлин ага схьадоьхуш дог ду сан доьлхуш,

Дахаран гIовгIанехь некъаш деш айраш ду когийн сан догуш

(2020г)



*«Дахар»*

*Зама йедда йоьду, денош идош шеца*

*Адмийн дахар дуцуш, гезгамашан тайца (2020г)*



«Сан Даймохк »

Дахаре сан болу безам,
Даймохк, хьан синах бу боьзна.
Хаалахь, дуйла хьан некъаш
Дагана т1е доьлху пхенаш.

Мел ч1ог1а хьан аматаш сайн дагахь латтадарх,
Лайн чимаш шабарш деш хьо хоьстуш хазарах,
Хьан сурт дилла мел ч1ог1а сан ойла г1ертарах.
Диллалац, сан Даймохк, массо бос избарах.

Сийналлех йоьттина хьан аренаш гича,
Дог ц1ена шовданий тог1енех б1аьрг кхетча,
Мел доккху заза а хьан дуьхьа даькххича,
Муха хьо хира бац массарел тоьллачех?!

Хьуна чохь г1отту малх шатайпа г1аьттича,
Бецан тхи жовх1арех ч1ог1а тарделича.
1аламан куц –кеп сел товш д1ах1оьттича
Хьоьх 1ебаш б1аьргий нур доцийла хаалахь.

Хьо болчехь йоккху хан мел дукха йаккхарах,
Хьо хастош х1ара илли со даккха г1ертарах,
Кхоччуш хьох дош ала говза ца хиларна
Къинт1ера балалахь, сан Даймохк, суна!

12.02.2023г. (HadiBisu)



«Цхьалла»

Сайн дахаран цхьалла дуьхьалакхетча,
Ца йевзаш санна со т1ехъйала йоьлча,
«Со йара х1ара-м» - ахь соьга аьлча
Эхь хетта, йоьхна со готта хьаьвзича.
Х1орд хилла т1ехдахар къийлина б1аьрхиш,
Ша шеха кийрара девлира мог1анаш:
«Со йоьдуш яцарара хьуна ца йевзаш,
Дала сайн деллачух ю хьуна йоккхайеш».

Соь леррина хьаьжина къамеле хьо йелира:
«Х1у ду-те т1аккха хьоь сингаттам кхийдориг?»
Йеххa ас къурдаш деш хан- зама йахара,
Йист хила, далхада ца кхочуш г1ора.
«Дика ду, 1одика йойла хьа аьлла», -
Букъ тоьхна, г1улч йаькхна, хьо йуха хьаьжира.
«Кхул т1аьхь хьо йолче я со новкъа йалале
Ирсе хила хьажалахь», - доггаха элира

03.05.2022г. (HadiBisu)

## *«ОЙЛАНАШ»*

*Бетта нур лаьтта т1е доьжна*
*Лар лоьхуш ойланаш лела,*
*Малхо ше т1емаш даржийча*
*1индаг1ехь уьш къайлайевлла*

*Мохо шен зевне мохь тоьхна,*
*Ойланаш, шу-м йехи гена.*
*Ц1еххьана мархаш йаьхкина*
*Дог1анехь лаьтта йашийна.*

*Стела1ад стигалахь летча,*
*Некъаш цуо гайтича керла*
*Кхачаза йисна-те мича?-*
*Бохуш шу-м акха лела.*

*Суьйренца стигал йу йекхна*
*Ойланаш йац дохко йовлуш*
*Седарчаш х1у боху хьаьжна,*
*Йоьрзур ю ц1ехьа соь бохуш*

*Дуьне шен гуо тесна даьлча,*
*Керла де буьйсанал тоьлча,*
*Йевллий шаьш хиина гена*
*Ойланаш кхечира ц1ехьа.*

*Ч1ог1а к1адйелла хиларна,*
*Набарна г1ийла д1атийра.*
*Цкъа а ца къаьстича санна*
*Цхьа к1еззиг хан соьца йаккха.*

2022г. (HadiBisu)

## «Дахаран шовкъ»

Йеана схьакхечи гуьйре,
Шийла йу тахана 1уьйре,
Сихха т1ейарна суьйре,
Буьйсанах д1айуьзна аре.

Нур-з1аьнарш ца кхета хьалххе,
Йовхонах ца 1абло малхе,
Стиглара мархаш ю чолхе,
Ладоьг1уш кхерстачу мохе.

Шелонна дегочу г1ано
Сахуьлуш теснaчу г1ено,
Х1ора т1едог1у дено
Ойланашца д1айуьгу гено

Дагана йиначу чевно,
Б1аьргаха 1еначу тхино,
Йийсаре лаьцначу сино
Г1орасиз дуткъдина вуно

Хазаниг лоьхучу даге,
Къурдаш деш хьийзачу логе,
Халонех тийслучу коге,
Ца лало сан дахар шоге.

Дахаре лаьттачу безамо
Дикане кхойкхучу лаамо,
Халонаш къаръечу тешамо,
1ехаеш де-дене йоху со.

17.09.2022г. (HadiBisu)